



Pou Piblikasyon Imedya: 27/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO POU YO PRAN PREKOSYON KI APWOPRIYE PISKE LAFIMEN FORÈ KANADA YO TA DWE AFEKTE ANPIL KALITE LÈ A NAN NEW YORK POU SEMÈN SA A

Yo te pibliye Avi Sante sou Kalite Lè pou ti patikil yo pou Lwès New York, New York Santral ak Lès Lak Ontario pou mèkredi 28 jen; Yo prevwa lòt enpak nan jedi 29 jen

Posibilite pou pik tanporè nan Nivo Endis sou Kalite Lè a atenn nivo 'malsen' oswa 'danjere'

Nouyòkè yo ta dwe espere enpak sou aktivite deyò yo nan jou k ap vini yo

Gen plizyè santèn milye mas nan modèl N95 ki disponib pou piblik la nan tout eta a

Gouvènè a bay Nouyòkè yo mizajou sou sistèm transpò piblik yo, wout yo ak sistèm alèt ijans san fil yo

Videyo sou mizajou Gouvènè a sou kalite lè a disponib [isit la](#) ak odyo a disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te ankouraje Nouyòkè yo jodi a, espesyalman moun ki sansib a polisyon lè a, pou yo pran prekosyon epi prepare yo paske lafimen ki soti nan ensandi forè Kanada yo ta dwe gen yon gwo enpak sou kalite lè nan tout New York semèn sa a, kote polisyon lè a kapab rive nan nivo 'malsen'. Deja, Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Departments of Environmental Conservation, DEC) ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York te pibliye yon avi sante sou kalite lè pou rejyon Lwès New York, New York Santral ak rejyon lès Lak Ontario pou mèkredi 28 jen. Ajans yo kontinye kontwòle ak anpil atansyon kalite lè a nan tout eta a pandan ke yo prevwa lafimen yo pral deplase nan pati lès Eta New York jedi 29 jen. Pandan ke nivo Endis sou Kalite Lè yo prevwa yo varye ant 'Malsen pou Gwoup Sansib yo' rive nan 'Malsen' pou tout moun nan moman sa a, yo avize Nouyòkè yo gendwa gen kèk peryòd tan kout kote Endis sou Kalite Lè a vin pi mal tanporèman epi atenn nivo 'Trè Malsen' oswa nivo 'Danjere'.

"Yo prevwa lafimen ki soti nan ensandi forè Kanada yo pral gen yon gwo enpak sou kalite lè a atravè New York nan demen ak jedi", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou kontinye ap siveye kondisyon yo deprè epi nou pral distribiye mask nan rejyon lafimen an plis afekte. Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo rete ajou sou dènye enfòmasyon yo epi pran mezi apwopriye pou pwoteje tèt yo".

Gouvènè Hochul te dirije Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta a pou alète kominote ki afekte yo atravè Sistèm Alèt San Fil pou Ijans lan nan ka yo ta atenn nivo 'Trè Malsen' oswa 'Danjere'. Anplis de sa, yo te mande ajans transpò ak otorite yo pou yo bay avètisman sou transpò piblik ak sou pano mesaj varyab sou wout yo. Yon lòt fwa ankò, modèl mask N95 yo pral disponib pou tout Nouyòkè yo nan tout eta a.

Previzyon aktyèl yo montre yon fwon frèt k ap antre nan rejyon Lwès New York soti nan nòdwès nan maten bonè nan mèkredi epi k ap rive nan rejyon sid eta a nan aswè nan mèkredi, avèk van ki ta dwe pote gwo enpak lafimen toupre sifas la nan tout eta a. DEC ak DOH te pibliye yon [Avi Sante sou Kalite Lè](#) pou rejyon Lwès New York, New York Santral ak rejyon lès Lak Ontario sou kalite lè a pou mèkredi 28 jen. DEC ak DOH pibliye Avi Sante sou Kalite Lè ak direktiv ki koresponn yo ki baze sou previzyon 24 èdtan yo, byenke valè inèdtan yo ka depase valè previzyon nan rejyon sa yo.

Malgre ke ensètitud previzyon yo rete, Nouyòkè yo ta dwe prepare pou nivo ki wo nan polisyon ti patikil ke lafimen nan mèkredi ak jedi te lakòz. Pwojeksyon aktyèl yo montre pi gwo konsantrasyon lafimen yo pral deplase tou dousman nan lès atravè mwatye lès Eta New York pandan jounen jedi a, ki pral pwolonje nan pifò pati nan eta a. Detay siplemantè sou previzyon pou jedi 29 jen an ap disponib demen.

Anba direksyon Gouvènè a, plizyè santèn milye mask nan modèl N95 ak bon kalite pral disponib pou Nouyòkè yo pou ede fè fas a enpak kalite lè yo. Nan Vil New York, Otorite Transpò Metwopoliten ak Otorite Pòtyè pral distribiye mask bay vwayajè yo nan gwo sant transpò piblik yo. Gen lòt mask y ap mete disponib nan konte yo ki andeyò Vil New York nan estòk Eta a ap jere yo pou distribiye bay piblik la.

Y ap mete mask yo disponib nan kote sa yo:

- Grand Central Terminal
- Penn Station
- Fulton Center
- Jamaica Station
- Antre Prensipal nan Tèminal Otobis Otorite Pòtyè a, South Wing
- Atlantic Avenue, Brooklyn
- Grand Concourse, Bronx

Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo pou yo kòmanse planifye kounye a pou chanjman potansyèl nan aktivite deyò nan mèkredi 28 jen jiskaske kondisyon yo amelyore. Direktè kan dete yo ta dwe konnen previzyon lokal AQI yo a ak nivo alèt la epi swiv direktiv DOH ak Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA)

Etazini an, disponib [isit la](#). Ekspè DEC ak DOH yo ap kontinye kontwole kalite lè a, pandan y ap verifeye modèl lafimen ak tanperati a depre.

Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Etandone nivo polisyon nan lè a ki wo ke nou prevwa nan pifò pati nan eta a, Depatman Sante Eta New York rekòmande Nouyòkè yo ki nan zòn ki afekte yo pou yo limite aktivite entans deyò yo epi pou redwi risk pou yo sibi efè negatif sou sante yo. Moun ki espesyalman sansib fas ak efè nivo elve polyan yo, ki gen ladan moun ki trè jèn ak moun ki te gen pwoblèm respiratwa ki deja egziste tankou maladi kè oswa opresyon, ta dwe evite pase tan deyò, si sa posib. Siveye nivo yo nan zòn ou an avèk [airnow.gov](#) oswa aplikasyon meteyo sou telefòn ou, epi si ou dwe ale deyò, konsidere mete yon mask N95. Moun ki gen sentòm oswa ki gen sentòm ki vin pi grav ta dwe konsidere konsilte doktè pèsònèl yo".

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York la, Seggos, te deklare, "DEC ap travay depre avèk Gouvènè Hochul ak patnè ajans nou yo pou bay enfòmasyon alè sou kontwòl kalite lè kontinyèl DEC la. DEC pral kontinye kenbe piblik la enfòmè pou yo ka fè pi bon chwa yo pou sante ak pwoteksyon yo".

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Nouyòkè yo dwe siveye depre kalite lè a nan rejyon nou an, limite ekspozisyon deyò kòm sadwa ak konsidere mete yon mask".

DEC ak DOH soti Avi Sante sou Kalite Lè a lè yo prevwa ozòn oswa ti patikil (particulate matter, PM2.5) ta dwe depase yon Endis Kalite Lè (Air Quality Index, AQI) ki gen valè 100. Pou w enskri pou resevwa avi yo atravè imèl, klike [isit la](#).

Depatman Sante Eta New York ap konseye pran prekosyon jan sa nesesè. Etap pou moun yo pran pou diminye risk yo, enkli:

- Lè AQI a pi wo pase 100 ('Malsen pou Gwoup Sansib yo'), Nouyòkè ki nan gwoup vilnerab yo ta dwe evite inisyativ deyò epi siveye sentòm yo lè yo ekspoze ak aktivite deyò yo. Moun ki vilnerab yo enkli moun ki gen maladi kadyovaskilè (egzanp, ensifizans kadyak konjestif, istwa atak kadyak anvan) oswa maladi nan poumon (egzanp, opresyon, maladi nan poumon obstriktif kwonik), osi byen ke timoun ki poko gen 18 ane, granmoun ki gen 65 ane ak plis ak fanm ansent.
- Lè AQI a pi wo pase 150 ('Malsen'), tout Nouyòkè yo ta dwe evite aktivite entans deyò yo, epi moun ki nan gwoup vilnerab yo ta dwe evite ekspoze a aktivite deyò yo, espesyalman fanm ansent yo ki ka pi fasil vin gen difikilte pou respire. Anplis de sa, gen kèk anplwaye ki vilnerab ki ta dwe travay anndan epi direktè kan yo ta dwe konnen previzyon lokal AQI yo a ak nivo alèt la epi swiv direktiv AQI a.
- Lè AQI a pi wo pase 200 ('Trè Malsen'), gwoup vilnerab yo ta dwe evite tout aktivite fizik deyò epi repwograme aktivite yo oswa fè yo anndan. Tout lòt moun yo dwe evite aktivite deyò ki long oswa entans.
- Lè AQI a pi wo pase 300 ('Danjere'), tout Nouyòkè yo ta dwe evite aktivite fizik deyò yo.

- Pou moun ki pase tan deyò, lè kalite lè a pa bon pou lasante, yo rekòmande mete yon mask ki byen adapte. Yon [N95](#) oswa KN95 ap fonksyone pi byen.

Gen plis enfòmasyon sou previzyon Kalite Lè Eta New York la ki disponib [isit la](#). Pou w verifye kalite lè aktyèl lokal ou a, ale sou www.airnow.gov.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)